| | | |
|---|---|---|
| Association pour la Promotion de la Langue Wolof en République Islamique de Mauritanie (APROLAWORIM)<br>tel : 22 46 29 72 | Association pour la Renaissance du Pulaar en République Islamique de Mauritanie (ARPRIM)<br>tel : 46 96 19 58 | Association Mauritanienne pour la Promotion de la Langue et de la Culture Sooninké (AMPLCS)<br>tel : 46 40 03 69 |


---

## Caabal gu jëm  ci ëttub taskatu xibaar yi

Nuaksoot, 30 fan ci weeru mee atum 2025

### *Mbootaayi Aaday Làkk yi ci Réew mi taxaw nañu temm ci waxtaan bu ñépp bokk ci Réew mi*

Ajjuma bii yemoo 30 fan ci weeru mee 2025, Sñ. Musaa Faal, koordinatëru Waxtaanu Réew mi, dalal na ngung bu bawoo ci mbootaay gu ëmb Mbootaayi Aada ak Làkk yi ci réew mi. Ci ndaje mi, koordinatër bi rafetlu na seen gis-gis, ba noppi ni waxtaan wi ubbeeku na itam ci kuréel yu mel ni sunu mbootaay yii, di woo ku nekk mu joxe gis-gisam yu am solo ngir mëna am xalaat yu lalu ci deggoo.

Ngung mi nettali na jaar-jaaru kuréel yi ak cër bi ñu am ci fësal làkki réew mi, rawatina ci dogal gu am solo bi ñu jël ngir boole leen ci sistemu njàngum réew mi ci 1979, ak ci atum 2022, ak sos camp gii di " Institut pour la Promotion et Enseignement des Langues Nationales" (IPELAN).

Jox nañu koordinatër bi ab wayndare bu def :

- Ñaxtu ngir ñu boole ci anam gu wóor làkku Pulaar, Sooninke, ak Wolof, ci sistemu njàng mi ;
- Ay leeral ci jaar-jaaru jàngale làkk yooyu;
- Bataaxalu mbootaay gu mujj (ñu siiwal ko ci 20 fan ci weeru mee 2025);
- Benn bataaxal gu ñu jagleel koordinatër bi.

Mbootaayu làkk yi fësal nañu jafe-jafe yi gëna mag yi làkk yooyu di jànkoonteel: ñàkkum màndarga ofisiel, ñàkkum nekk ci njàng ak ci mejaa yi, ñàkkum ndimbalu askan wi, ak ñàkka bokk ci kuréel yiy jël dogal.

Defar nañu ay xalaat yu fëgër ngir Waxtaanu Réew mi, ñu sàkku ñu boole lakk yi ci réew mi, ci wetu Araab, ak ñu boole leen ci njàng (mu laalu mi ) ñu boole ko ci digle yi, ndax danu gëm ni wuute làkk yi lu am solo la ci askan wu gëna booloo te am jàmm.

Mbootaay gi